Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени
«Гуьмсан муниципальни к1оштан Г1оьрдала-Юьртан
«Берийн беш № 1 «Даймохк»

Проект

# «Ненан мотт ларбе вай!»

Кечйинарг: хьалхара кхиорхо: Тагаева Ф.В.

Г1оьрдала – Юьрт, 2022 шо

Чулацам ………………………………………………………2-5

Проектан паспорт ……………………………………...……...3

Проектан актуальность………………………………………..3

1алошо…………………………………………………………….3

Проектан задачаш………………………………………………..3

Хиламе хьежар…...………………………………………………….3

Проектан этапаш…………………………………………………3

Проектан коьчалца кечам……………………………………..3-5

Проектан паспорт
**Проектан ц1е:** «Ненан мотт ларбе вай!»
**Проектан декъашхой:** кхиархой, кхиархойн дай-наной, кхиорхой.
**Проектан актуальность**
«Мотт ларбахь, къам а, къоман культура а ларийир ю вай»
Ненан мотт мехала хазна ю халкъан дахарехь. Боккха ницкъ бу цуьнан адамийн кхетам кхиорехь. Шийлачу дийнахь кхеттачу малхо дохдо дуьне санна, дог дохдо ненан маттахь аьллачу дашо. Мел дийцича а дийцина ца валлал дукха довха дешнаш ду ненан маттах ала.
Т1екхуьу къона т1аьхье дайн ламасташца, къоман г1иллакх-оьздангаллица, иман долуш хилийтарна т1ехьажийна бу ненан мотт хьоьхучу воспитателий а, хьехархойн болх.
Боккъалла а аьлча, шен мотт хууш воцург къоман бакъволу воI хила йиш яц. Ткъа жимчохь, дуьне довза долалучу муьрехь, беран хенахь ца Iамийнехь, меттан шоралла, кIоргалла, хазалла йовза йиш а яц. Цундела бер школе дахале хьалха доьзалехь, берийн бешахь ненан матте марзо кхолларца цхьаьна, юьхьанцарчу школехь йохучу хьалхарчу гIулчашца иэсехь чIагIбан беза и Iамо болу лаам. Ткъа вайн дешаран декъехь дIахIоьттинчу кепаца и марзо кхуллуш кIезиг хIума ду.
**Проектан типаш:** довзаран, ловзаран, кхоллараллин.
**Проектан 1алашо:**
- ненан меттан сийлалла, цуьнан исбаьхьалла йовзийтар;
- ненан меттан, Даймехкан сийдар, дайн оьзда г1иллакхаш лардар х1ораннан декхар хилар довзуьйтуш, кхиархошца кхетош-кхиоран болх д1абахьар.
**Проектан задачаш:**
- кхиархойн Даймахке а, шайн матте а болу безам лакхабаккхар, иза хаа а, 1амо а болу лаам т1еч1аг1бар;
- берашна вайнехан г1иллакхашка безам кхиор;
- нохчийн фольклор йовзийтар.
**Хиламе хьежар:** ненан матте кхиархойн безам ч1аг1бар; биллина ненан мотт цаьрга бийцитар.
**Д1аяьхьна хан:** 21.02.2022 – 21.03.2022 г.
**Проект д1аяьхьна этапаш:**
**1** – кечам баран дакъа.
**2** – коьрта дакъа.
**3** – йерзоран дакъа.
**<u>1. Кечам баран дакъа</u>**
1.1. Проектан коьчалца кечам:
- берийн бешара группаш коьчалца кечйар;
Харжар:
- книгаш, церан авторш бовзийтар;
- сурташ;
- х1етал – металш;
- г1иллакх – оьздангаллех лаьцна кицанаш;

- дагардарш.
1.2. Кхиорхошца проектаца болх бар:
- план х1оттор;
- информаци лахар;
- берийн хаттаршна жоьпаш кечдар.
1.3. Дай – наной проекта балхана юкъабалор:
- выставка кечйар;
- бераш конкурсашна кечдарт1ехь г1о лацар (эшарийн конкурс, байтийн конкурс).

**2. Коьрта дакъа**

**2.1. Занятеш д1аяхьар.**

| | |
|---|---|
| Коьчал «Бекалахь сан ненан мотт!» | 1алашонаш: - ненан меттан сийлалла, цуьнан исбаьхьалла йовзийтар; - ненан меттан, Даймехкан сийдар, дайн оьзда г1иллакхаш лардар х1оранна декхар хилар довзуьйтуш, кхиархошца кхетош-кхиоран болх д1абахьар. |
| Коьчал «Г1иллакх – оьздангалла» | 1алашо: - нохчийн къоман г1иллакх – оьздангалла жимчохь дуьйна довзийтар, церан кхетаме а, мехала г1ирсаш кхачор. |
| Коьчал «Дика а, вуон а г1уллакхаш къастор» | 1алашо: - берийн дика а, вуон а г1уллакххех лаьцна долу хаар билгалдахар. |
| Исбаьхаьллийн литература йовзийтар. | Исбаьхьаллийн литература ша – тайпа амал йолу 1илма ду. Цо 1аламат боккха т1е1аткъам бо адамийн ойланийн, синхаамийн. Произведенеш йовзийтаро кхиайо кхиархошкахь адамалла, къинхетамалла. |
| Ладог1ар, 1амор нохчийн къоман эшарш, иллеш. | Нохчийн халкъан эшарш, иллеш довзийтар. |

**2.2. Берашца къамел**

| | |
|---|---|
| «Нохчийн меттан де!» | Къамел «Нохчийн мотт – къоман юьхь!» |
| «Нохчийн ц1ийнан интерьер» | Берашна нохчийн къоман хьалхлера 1ер – дахар д1агайтар, вайнехан г1иллакхашка безам кхиор. |

**2.3. Выставка**

| | |
|---|---|
| «Нохчийн духар доьхна тайниг» | Нохчийн духарийн башхаллаш. |

| | |
|---|---|
| «Нохчийн куй» | Нохчийн куйнин тайпанаш, церан дозалла а, сий а. |

**2.4. Сурт дилларан конкурс**

| | |
|---|---|
| «Сан Даймохк» | Даймахке болу безам ч1аг1бар; |
| «Деза денош» | Къоман деза денош довзийтар, церан маь1на дустар, шай даймахке болу безам кхиор. |

**2.5. Мероприяти**

| | |
|---|---|
| «Ненан мотт – дахаран хазна…!» | - ненан меттан сийлалла, цуьнан исбаьхаьалла йовзийтар. |
| Конкурс песен «Ненан мотт – сан деган илли!» | - кхиархойн Даймахке, шайн матте болу безам лакхабаккхар, иза хаа а, 1амо а болу лаам т1еч1аг1бар. |
| Г1уллакхе ловзар берийн бешаран кхиорхошна юккъехь «Ийман, г1иллакх, оьздангалла кхиор» | - даймахке безам ч1аг1бар;<br>- нохчийн къоман г1иллакх-оьздангалла жимчохь дуьйна довзийтар,<br>баккхийчеран лерам бар;<br>- кегийрхой ийманехь, исламехь кхетош – кхиор;<br>- дай-нанойн дика дола дар;<br>- доьзалехь барт латтор. |

**3. Йерзоран дакъа**

3.1. Ненан маттах лаьцна байташ ешар.

3.2. Хиламе хьежар

**Кхиархошна:**

- ненан меттан сийлалла, цуьнан исбаьхаьалла йовзар;
- нохчийн къоман г1иллакх-оьздангалла довзар;
- даймахке болу безам ч1аг1балар;
- ненан матте кхиархойн безам ч1аг1бар;
- биллина ненан мотт цаьрга бийцитар.

**Кхиорхошна:**

- бараш кхетош – кхиорехь лакхарчу бараме хьалаваккхар;
- инновационны хийцам вовшахтохар кхиоран балхат1ехь.

**Дайшна – наношна:**

- доьзал кхиоран статусехь лакхаваккхар.